

3 fevriye, 2021

Chè manm komite skolè,

Bidjè ane fiskal (ane finansye) 2022 a pou Lekòl Piblik Boston ki prezante isit la founi yon deklarasyon trè fò bay elèv nou yo, fanmi n yo, ak manm pèsonèl nou yo, e l sèvi pou raple nou konbyen enterese nou enterese nan reyisit kolektif yo. Bidjè m ap pwopoze a genyen ladan l yon ogmantasyon de 36\$ milyon anplis konpare avèk ane sa a, pou yon total de 1.294.719.861\$

Siyifikasyon ogmantasyon sa a nan bidjè nou nan mitan moman pandemi sa a, ak to enskripsyon fèb n ap anrejistre, merite pou n ta pran yon ti tan pou n reflechi sou li. Moman sa a se yon moman ki vrèman inik nan istwa nou, e bidjè sa a envesti nan reyalizasyon ke pou n kapab evalye e abòde kesyon mankman nan aprantisaj elèv yo e adopte yon nouvo panse kreyatif konsènan tout sa k ap nesesè pou n ba yo ansèyman ak sipò, sa ap mande yon nouvo apwòch ak resous pou n kapab pwodui siksè.

Nou toujou jwenn gidans nan kwayans sa a ki di ke **Tout timoun, nan tout saldeklas, nan tout lekòl** merite menm opòtinite pou yo aprann, grandi, e evolye; e pafwa genyen kèk elèv sosyete a manke sèvi ki ta merite plis opòtinite toujou; e nou aplike kwayans sa a nan tout travay n ap fè. Pandanke n ap efòse n pou n asire pratik ekitab e mete an plas kèk desizyon kont pratik rasis, nou genyen kòm apèl nou pou n panse diferan parapò a valè n yo ak fason ke valè sa yo reprezante nan bidjè nou.

Plan stratejik senk an nou an sèvi kòm bousòl nou pou n arive atenn reyisit sa a. Bidjè a sèvi kòm gid k ap egzekite vizyon nou. Nan objektif pou n devni yon distri skolè ki aktivman antirasis, nou konnen ke travay sa pa sèlman striktirèl e sistematik, men li gen yon aspè kapasite adaptiv ladan l tou. Nou bezwen chanje mantalite, chanje regleman, lèfini founi resous yo pou travay la fèt.

Pou sa rive fèt, bidjè sa a ap fonde sou twa prensip k ap sèvi nou kòm gid: **Retounen, Rekipere, Reimajine**

Retounen - fè tout elèv ak manm pèsonèl retounen nan bilding yo lòske n kapab fè sa san okenn danje, epi retounen fè travay nou renmen fè yo, e retounen ladan yo avèk plis fòs toujou.

Rekipere - repare domaj viris Covid la koze nan fason n ap chèche konprann kondisyon elèv yo pi byen, nan fason n evalye aprantisaj yo, fason nou fè entèkansyon yo pi egzak, nan ajoute plis sipò, ak nan aliyman atant yo a rezilta sila yo ke n ta renmen wè.

Reimajine - retounen sèvi elèv yo kòm sadwa antake distri. Nou p ap kapab retounen nan fason bagay yo te ye nan monn nan avan 2020, e genyen bon rezon pou sa; pou anpil elèv sistèm nan pa t ap fonksyone byen an favè yo, espesyalman elèv koulè yo; nou p ap chèche pou n retounen nan

ansyen kondisyon nòmal yo, n ap chèche deranje kondisyon nòmal yo pou n transfòme tèt nou an kalite distri ke elèv yo bezwen e merite.

Nan yon peryòd kote ke [lòt majistra ap fè fas a kèk koupi nan bidjè lekòl yo](#), n ap fè pwogrè pou n reyalize bi sa yo avèk kèk nouvo investisman k ap sot nan men Majistra Walsh ak Vil Boston. Kriz sa a arive koze yon kriz ekonomik pou plizyè distri toupatou nan peyi a. Boston distinge tèt li kòm yon vil ki detèmine pou l bouche twou vid nan finansman federal yo ak finansman eta a, pandan ke l ap kontinye investi. Li remakab ke pandan nou nan yon peryòd ki ranpli ak anpil ensètid, Majistra a kanpe avè n pou l investi plis nan Lekòl Piblik Boston, epi pran yon etap ki ale pi lwen ke yon bidjè nòmal pou l ogmante sipò l ap ban nou - ki ale pi lwen e ki menm depase ogmantasyon 80\$ milyon ane pase a. Malgre bese nan enskripsyon yo ak rediksyon nan salè yo ak nan depans operasyonèl yo, bidjè nou pou chak elèv ap ogmante pa 1.700\$ pa tèt - sot nan 21.800\$ pou chak elèv rive jiska 23.500\$.

Katrevennis pousan nan pwopozisyon sa a reprezante sèvis dirèk pou elèv yo ak lekòl yo atravè fon dirèk pou lekòl yo. Konbine ak pwopozisyon bidjè nou yo pou sèvis nan lekòl yo ki kalkile nan yon fason santralize, **100% nan pwopozisyon sa a ap genyen yon enpak imedya e dirèk nan lekòl nou yo**. Pami investisman sa yo genyen yon angajman k ap **garanti prezans yon travayè sosyal ak yon liyezon fanmi nan chak lekòl**.

Twòp ane ale ane vini kote ke konvèsasyon nou sou bidjè a kòmanse sou kesyon enskripsyon k ap bese. Chanjman an reyèl: nou sot eksperimente pi gwo rediksyon nan enskripsyon nan yon sèl ane a, konpare ak dènye 15 ane ki sot pase yo. Ekip nou an detèmine pou l bay elèv yo sipò pandan tranzisyon sa a, pou ke n kapab retounen pi fò toujou. Donk bidjè sa a investi **18,5\$ milyon pou kore lekòl sila yo enskripsyon yo bese**, dekwa pou n kapab asire ke eksperyans elèv nou yo pa chanje nan ane k ap vini a.

Aswè a, n ap kòmanse yon diskisyon piblik sou Bidjè ane fiskal 2022 a, e mwen espere n ap genyen yon konvèsasyon trè angaje. Pliske n ap konsantre sou elèv yo kòm pwèn fokal nou e n ap mezire tout sa ki anrapò ak reyisit yo, mwen genyen konfyans ke bidjè sa a va asire ke elèv yo jwenn aksè nan ansèyman, sipò, ak sèvis yo merite, pou yo kapab genyen menm opòtinite pou yo atenn grandè ki lakay yo, menm jan ak tout lòt timoun.

Sensè salitasyon,



Doktè Brenda Cassellius

Sipèentandan